

Sa Ou Dwe Konnen Sou Reklam Kap Twonpe Ou



Move reklam ak reklam kap twonpe ou

Konsomatè yo nan tout peyi a ap tonbe viktim move reklam ki pou twonpe yo, ki sèvi ak non “Sekirite Sosyal” oswa “Medicare”. Anpil fwa, konpayi sa yo fè ou peye pou sèvis Sekirite Sosyal yo, menm si ou ka jwenn menm sèvis sa yo dirèkteman nan biwo Sekirite Sosyal la **gratis**. Ou ka resevwa sèvis tankou:

- Yon kat Sekirite Sosyal ki korije ki gen non maryaj yon fi;
- Yon kat Sekirite Sosyal pou ranplase yon kat ou pèdi;
- Yon *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)*; ak
- Yon nimewo Sekirite Sosyal pou yon timoun.

Kèk nan moun ki ap fè reklam yo, make ke biwo Sekirite Sosyal la gen pwoblèm lajan, epi moun ka riske pèdi benefis Sekirite Sosyal yo, oswa Medicare yo si yo pa bay yon kontribisyon oswa yo pa peye yon lajan bay konpayi ki ap fè reklam nan pou yo ka manm. Gen lòt konpayi ki montre fo anblèm Sekirite Sosyal la ki montre yo travay ak biwo Sekirite Sosyal. Yo ofri “Mizajou sou Sekirite Sosyal” oswa mizajou sou benefis Sekirite Sosyal. Dabitid konpayi sa yo ranmase enfòmasyon nan men konsomatè a, epi li vann bay lòt konpayi enfòmasyon prive sa yo. Bagay sa yo twonpe pèp Ameriken an.

Kisa ki fèt pou anpeche gen reklam kap twonpe ou?

Lwa ki okipe espesyalman zafè reklam sou Sekirite Sosyal ak Medicare ki la pou twonpe moun, anpeche moun, oswa biznis ki pa biznis gouvènman an, sèvi ak mo oswa foto ki ka twonpe ou. Reklam yo pa dwe fè moun kwè ke yo se reprezantan Sekirite Sosyal oswa Sant pou Medicare ak Sèvis Medicaid (Medicare). Non plis tou, reklam yo pa dwe fè moun kwè ke Sekirite Sosyal, oswa Sant pou Medicare ak Sèvis Medicaid yo andose yo oubyen apwouve yo.

Lè gen yon reklam sou Sekirite Sosyal ki ka twonpe ou, Biwo Enspektè Jeneral Sekirite Sosyal la revize reklam la. Lè yo mande moun yo ak konpayi yo kesyon sou reklam yo, konpayi yo dakò san fòse pou yo sispann itilize reklam yo, oswa pou yo chanje reklam yo selon lalwa. Men, si yo pa dakò chanje reklam yo san fòse, Biwo Enspektè Jeneral la pral

sanksyone moun nan oswa konpayi an jiska \$5.000 pou chak reklam li voye pa lapòs. Ou dwe voye reklam kap twonpe moun sou Medicare bay Biwo Enspektè Jeneral Depatman Sante ak Sèvis Imen pou yo ka revize yo.

Kisa pou ou fè si ou resevwa enfòmasyon sou Sekirite Sosyal kap twonpe ou

Voye tout reklam ou resevwa, ansanm ak anvlòp la, bay:

Office of the Inspector General
Fraud Hotline
Social Security Administration
P.O. Box 17768
Baltimore, MD 21235

Epitou, fè biwo avoka jeneral leta a oswa biwo zafè konsomatè a, ansanm ak Biwo Bon Komès (Better Business Bureau) nan zòn ou a konnen sa.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.

